



Pou Piblikasyon Imedya: 10/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINANSMAN POU AGRANDI SANT SANTE
MATÈNÈL BRONX EPI FÈ AKSYON POU OGMANTE AKSÈ AK FANMSAJ**

***Angajman kapital 8 milyon dola pou agrandi klinik swen sante avèk pwogram
konplè ak entegre, sa enkli yon sant nan ekselans nan sante matènèl***

***Nouvo lòd pèmanan Komisè Sante Eta New York te pibliye elaji aksè a sèvis
fanmsaj nan tout eta a***

***Diskisyon alantou tab mete aksan sou pwogram konje prenatal ki peye, premye
nan peyi a, ak nouvo règleman pou redwi pri swen prenatal pou plis pase yon
milyon Nouyòkè ki gen ti revni***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon angajman kapital 8 milyon dola pou ede finance yon pwòje pou elaji yon klinik Morris Heights Health Center, ki pral gen pwogramasyon konplè ak entegre ak yon Sant Ekselans nan sante matènèl. Gouvènè a te anonse nouvo finansman an pandan li ap òganize yon seyans reyinyon ak Prezidan Bronx Borough Vanessa Gibson, ki te enkli lòt ofisyèl ki eli ak pati konsène yo pou diskite sou efò ki ap kontinye pou amelyore sante tibebe ak sante matènèl atravè eta a epi fè swen prenatal pi aksesib epi abòdab pou Nouyòkè yo. Gouvènè a te mete aksan sou enpòtans pou fè avanse efò sa yo nan Bronx, ki gen kèk nan pi gwo to mòtalite matènèl ak tibebe nan Eta New York. Pandan reyinyon an, Gouvènè a te anonse tou Komisè Sante Eta Doktè James McDonald te pibliye yon [lòd pèmanan](#) ki pral elaji aksè ak sèvis fanmsaj ki nesèsè pou paran ki ap akouche atravè eta a. Gouvènè Hochul te mete aksan tou sou New York kounye a ki se premye eta nan nasyon an ki kreye yon pwogram konje fanmi ki peye pou swen prenatal. New York te fè swen prenatal pi abòdab tou pou plis pase yon milyon rezidan ki gen revni ki fèb lè li elimine depans pou sèten benefis ki gen rapò ak gwosès pou Nouyòkè yo nan Plan Esansyèl oswa Plan Sante Kalifye.

"Antanke premye Gouvènè manman New York, konsidere kriz mòtalite tibebe ak matènèl la se yon bagay pèsònèl pou mwen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Tonbe ansent pa ta dwe yon santans lanmò. Administrasyon mwen an ap fè swen prenatal pi aksesib ak abòdab pou plizyè milyon Nouyòkè, epi nou ap kontinye travay chak jou pou sipòte gwosès ki an sante pou fanmi atravè eta nou an."

Lòt patisipan yo nan reyinyon an te gen ladan Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Morris Heights Health Center Mari Millet, Aktivis Bruce McIntyre III, Direktè Jeneral BronxWorks Eileen Torres, Travayè Bronx Rebirth Collective Nicole Jean Baptiste ak Evelyn Álvarez, Northern Manhattan Perinatal Partnership Center Madeleine Dorval, Manm Konsèy Pieriena Sanchez, Manm Asanble Yudelka Tapia ak Prezidan Adjwen Borough Bronx Janet Peguero.

Yon rapò CDC dènyèmman te jwenn an 2021 to mòtalite tibebe a te 5.4 lanmò pou chak 1,000 nesans vivan. An 2021, apeprè 20,000 tibebe te mouri Etazini, ak kòz prensipal yo se domaj nan nesans, nesans anvan lè ak pwa nan nesans ki ba, sendwòm lanmò tibebe britsoukou, blese ak konplikasyon gwosès matènèl. Yon [rapò](#) ki soti nan Fon Commonwealth te jwenn an 2022 te gen apeprè 22 lanmò matènèl pou chak 100,000 nesans vivan nan peyi Etazini ak fanm nwa yo te gen pi gwo to mòtalite.

Finansman pou elaji swen sante matènèl nan Morris Heights Health Center

Gouvènè Hochul te anonse yon angajman kapital 8 milyon dola pou Morris Heights Health Center. Finansman sa a pral pèmèt Morris Heights Health Center elaji sèvis swen sante li yo nan University Heights, ki enkli yon Sant Ekselans pou sante matènèl. Pwojè a pral ede ogmante aksè ak bon jan kalite swen sante abòdab pou rezidan lokal yo epi amelyore rezilta sante pou kominote pasyan ki defavorize yo.

Morris Heights Health Center espesyalize nan sipòte sou-popilasyon vilnerab yo, tankou moun ki ap viv ak VIH, moun ki ansent ki gen pwoblèm sosyo-ekonomik, moun ki gen maladi kwonik ki gen ladan dyabèt san kontwòl, granmoun ki gen komòbidite, ak adolesan ki gen pwoblèm sikososyal. Sèvis sante matènèl sant la enkli yon modèl swen Fanmsaj/oksilyè akouchman (doula), Pwogram Nitrisyon Siplemanchè Espesyal pou Fanm, Tibebe, ak Timoun (Women, Infants, and Children, WIC), ak Kowalisyon Sante Matènèl ak Espwa.

Elaji Aksè ak Fanmsaj

Jodi a, Komisè Sante Eta a te pibliye yon [lòd pèmanan](#) pou sèvis fanmsaj, elaji aksè pou tout paran ki ap akouche yo. Lòd pèmanan – Gouvènè Hochul garanti nan Bidjè Ane Fiskal 2025 la – pral pèmèt plis Nouyòkè jwenn aksè nan swen fanmsaj paske yo egzije yon rekòmandasyon pou sèvis fanmsaj pou yo ka kalifye pou pwoteksyon Medicaid. Lòd pèmanan sa pral sèvi kòm rekòmandasyon sa. Lòd pèmanan an pral tou fè li pi fasil pou paran ki ap akouche ki enskri nan lòt plan sante jwenn aksè nan swen fanmsaj. Fanmsaj yo bay sipò fizik, emosyonèl, edikatif ak sipò ki pa medikal pou moun ki ansent ak aprè akouchman, pandan ak apre akouchman.

Malgre efò kontinyèl pou diminye mòtalite matènèl, espesyalman nan mitan minorite rasyal ak etnik yo, to lanmò ki gen rapò ak gwosès la toujou twò wo nan Eta New York, espesyalman pami moun nwa ki akouche. Apati 1 mas 2024, Medicaid Eta New York kouvri [sèvis fanmsaj](#) pou moun ki ansent, ki ap akouche ak aprè akouchman. Pou sipòte aksè a sèvis yo, Depatman an kenbe yon [repètwa fanmsaj](#) ki enskri pou bay manm Medicaid sèvis ki kouvri yo, dapre lejislasyon Gouvènè Hochul te siyen ane pase a. Anplis de sa, Pwogram Sibvansyon Ekspansyon Fanmsaj, ki garanti nan Bidjè Ane

Fiskal 2025 la, pral pèmèt Depatman an bay 250,000 dola bay òganizasyon kominotè pou rekritman, fòmasyon, sètifikasyon, sipò, ak/oswa konseye nan fanmsaj ki baze nan kominote a.

Travay ak akouchman ka prezante yon gwo risk medikal pou moun ki ansent ak tibebe ki fèk fèt yo. Sèvis fanmsaj yo pral ede abòde kriz nan tout eta a nan diferans rasyal ak sante matènèl ki baze sou revni lè yo bay kliyan sipò sosyal, emosyonèl, ak fizik konplè sou plan kiltirèl pandan peryòd prenatal, akouchman, fen gwosès ak peryòd aprè akouchman.

Premye Konje Prenatal ki Peye Nan Nasyon an

Lè Gouvènè Hochul te mande yon bank konje maladi pou swen prenatal, li te asire New York ale pi lwen pase nenpòt lòt eta pou asire moun ki ansent yo ka resevwa swen sante ki nesèsè pou kreye rezilta ki bon pou sante pou paran ak timoun san yo pa mete travay yo an danje.

Lè politik la antre an vigè nan dat 1 janvyè 2025, anplwaye yo pral resevwa yon lòt 20 èdtan konje maladi ki peye pou swen prenatal anplis konje maladi ki egziste deja.

Inisyativ la baze sou aksyon anvan Gouvènè Hochul pou sipòte nouvo paran yo ak amelyore rezilta sante matènèl yo. Bidjè Ane Fiskal 2024 la te etabli 12 semèn benefis konje paran ki peye pou plis pase 80 pousan nan mendèv eta a ak pwolonje kouvèti aprè akouchman pou jiska yon ane konplè pou moun ki enskri nan Medicaid ak Child Health Plus.

Elimine depans moun nan

Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 la, Gouvènè a te pran dispozisyon pou elimine pataj depans pou sèten benefis ki gen rapò ak gwosès, tankou vizit prenatal ak vizit aprè akouchman, pou moun ki enskri nan Plan Esansyèl oswa Plan Sante Kalifye eta a.

Plan Esansyèl la kouvri plis pase 1 milyon Nouyòkè ki gen revni fèb, ki bay benefis konplè ak 0 dola prim chak mwa, pa gen okenn dediktib, ak pataj depans ki ba. Li gen ladan tou swen prevantif gratis, vizyon adilt, ak swen dantè san pataj pri.

Elijiblite pou Plan Esansyèl la te limite pou Nouyòkè ki gen revni ki pi wo pase nivo Medicaid ak jiska 200 pousan FPL (30,000 dola revni anyèl pou yon moun). Men, atravè 1332 State Innovation Waiver ki te apwouve dènyèman, Plan Esansyèl la te elaji pou enkli Nouyòkè ki gen revni jiska 250 pousan FPL (revni anyèl 37,650 dola pou yon moun), ki te fè pwogram nan disponib pou 100,000 Nouyòkè anplis yon fwa li te konplètman aplike. Sa enkli prèske 70,000 Nouyòkè ki enskri nan Plan Sante ki Kalifye ki pral elijib kounya pou yon kouvèti ki vreman pi abòdab atravè Plan Esansyèl la, 12,000 moun DACA ki enskri nan Medicaid/CHPlus kounya, ak apeprè 20,500 Nouyòkè ki pa gen asirans kounya.

Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Elaji aksè a resous ki kapab sove lavi, tankou sèvis fanmsaj, ka ede avanse ekite sante.

Malerezman, toujou gen diferans sante nan sante matènèl. Moun nwa ki akouche gen plis chans pou yo mouri nan konplikasyon ki gen rapò ak gwoès pase moun Blan ki akouche, epi sa pa akseptab. Depatman an, avèk sipò Gouvènè Hochul, rete angaje pou abòde sante matènèl ak elimine baryè nan swen sante pou tout moun ki akouche gen gwoès ak akouchman an sekirite."

Manm Asanble Yudelka Tapia te deklare, "Investisman 8 milyon dola Gouvènè Hochul fè nan Be Well @ Morris Heights Health Center, yon nouvo sant sante entegre nan Bronx, se yon temwayaj angajman li nan amelyore sante matènèl ak asire byennèt kominote ki defavorize yo. Katye Morris Heights ak zòn ki antoure yo soufri de diferans ki enpòtan nan sante matènèl ak timoun ki enkli to wo nan swen prenatal an reta oswa ki pa gen swen prenatal ak nesans adolesan. Etablisman 62,000 pye kare sa pral bay fanmi ki defavorize yo swen konplè epi ap sèvi plis pase 48,000 moun chak ane. Avèk investisman Gouvènè a, nou ap fikse yon nouvo estanda pou ekite sante nan Eta New York."

Manm Konsèy NYC Pierina Sanchez te di, "Se yon enperatif moral pou fèmèn diferans ki genyen sou mòtalite matènèl nwa yo, epi li ka reyalize avèk politik ak investisman ki apwopriye, tankou sa yo Gouvènè Hochul ap anonse jodi a. Mwen fyè pou mwen kanpe ak Gouvènè a pou anonse finansman ki pral elaji sèvis sante matènèl nan yon nouvo sant byennèt entegre nan Morris Heights Health Center (MHHC), kote biwo mwen an ak Oratè Adrienne E. Adams te investi 7 milyon dola. Mwen fyè tou pou sipòte lòd pèmanan pou aksè ak fanmsaj ak pwogram konje fanmi ki peye Eta New York, akòz anpil obstak oswa refi total opòtinite pou sove lavi pou gen yon fanmsaj bò kote nou nan moman ki pi bèl ak vilnerab nan akouchman nou an, mwen enkli. Mwen kontan anons jodi a epi mwen espere pou mwen kontinye travay sou politik ki ta ka elaji aksè a swen fanmsaj enstitisyonèl ak nan anviwònman kominote a tou."

Prezidan Borough Bronx Vanessa L. Gibson te di, "Lè nou ap analize pwoblèm ki genyen nan mòtalite ak mòbidite matènèl yo, li klè gen yon kriz sante matènèl ki afekte moun ki fè akouchman moun nwa nan minisipalite nou an nan yon fason disproporsyonel. Pou abòde pwoblèm sa yo fason ki efikas, nou ap elimine baryè ki anpeche rezidan nou yo resewa swen ki adapte ak kilti, ki santre sou pasyan yo, ki adapte ak bezwen inik yo epi ki pa gen patipri ak rasis ki te lakòz lanmò twòp moun ansent ki te ka evite. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou investisman kapital li nan yon nouvo Sant Ekselans nan Sante Matènèl, lejislasyon li ki kreye yon repètwa fanmsaj eta a ak pou alokasyon 4.5 milyon dola pou sipòte Sant Rejyonal Avan Nesans Eta a, pou bay swen anvan nesans ak tibebe wo nivo nan tout eta nou an. Ansanm, avèk patnè nou yo nan gouvènman an, Consortium Sante Matènèl, ak defansè akouchman, nou angaje nou pou sipòte gwoès ki an sante ak amelyore enfrastruktir sante minisipalite nou an."

Prezidan ak Direktè Jeneral Morris Heights Health Center Mari Millet te di, "Nou trè rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li fè li posib pou nou agrandi sèvis sante matènèl ki nesès pou kominote Bronx la. Pandan Bronx kontinye goumen ak rezilta sante ki pa ekitab, ekip nou an konsantre sou apwoche pwoblèm nan yon pèspektiv ki

entegre. Lè nou agrandi enstalasyon ak sèvis nou yo, nou ap pi byen pozisyone pou nou pran swen kominote nou an atravè yon konbinezon medikal kalite siperyè, espesyalite ak sèvis sipò ki adrese tout faktè sosyal sante yo.”

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)